Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2016 соналъул
6 май
РУЗМАН
№ 18-19
(7401-402)
Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда
Багьа 8 гъур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## КIудияб Бергьенлъиялъ 71 сон тIубаялде

## Баркула Бергьенлъиялъул Къо

ХIурматиял районцоял!

Баркула нужеда КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 71 сон тIубай. Гьеб ккола ракI-ракIалъ нилъ нилъерго ВатIаналдаса, гьелъул яргъилал къуватаздаса, нилъер халкъалъул цолъиялдаса чIухIиялъул асаралъ нилъ цолъизарулеб байрам.




Гитлерияб фашизмалда тIад бергьенлъи босиялъулъ ВатIан цIунизе рахъарал дагъистаниязул кьеразулъ мустахIикъаб бакI ккуна нилъер районалъул гIадамазги. ГIемерисез рихьизаруна бахIарчилъиялъул ва бихьинчилъиялъул мисалал, щвана рагъулал орденал ва медалал. Гьездаса цояв- Къади Абакаровасе щвана Совет Союзалъул БахIарчи абураб цIар.

Фронталъе кванил ва ратIлил кумек гьабиялъе гIоло бахIарчиго хIалтIана цIумадисел авлахъазда ва хурзабахъ. Нилъер халкъалъ КIудияб ВатIанияб рагъулъ бихьизабуна бахIарчилъи, гъунки ва халкъалъул цолъи. Жакъа къоялда районалда хутIичIо цогIаги рагъул гIахьалчи, ана гьел абадияб рокъоре. Вуго нилъер районалдасаги жеги лъабго рагъул гIахьалчи, жал гIумру гьабун район тун къватIирехун ругел.

Нилъеда кидаго кIочене бегьуларо гьезул рагъул дарсал, нилъ ккола гьезул ирсилал. ГIелаз гIелазухъе кьун, нилъеца даимго цIунила КIудияб Бергьенлъиялъул ракIалдещвеял.

Гьарула щивасе щулияб сахлъи, даимаб рохел, рекъел, икъбал ва талихI.

**А.Вечедов,** районалъул бетIер



**Совет Союзалъул БахIарчи Абакаров Къади Абакарович**




## Барки

ХIурматиял ракьцоял!

Баркула нужеда тIаде щолеб КIудияб байрам 9 май – Бергьенлъиялъул къо.

Гьеб Бергьенлъиялъул багьа букIана миллионал гIадамазул гIумру.

Гьале 71 соналъ гьудуллъи-вацлъиялда гIумру гьабулеб буго улкаялда ругел халкъаз нилъер умумузул бахIарчилъигун къохIехьеялъул хIасилалдалъун. БутIрул къулула гьезул хвел гьечIеб гьунаралъе ва багьудирлъиялъе гIоло. Жакъа къоялде тарихалъул дарсалги кIочон тун, фашистазул наслабаз бутIрул рорхулел руго. Амма гьезул нух къокъаб буго.

Гьарула киназего ракълилаб зоб, хъизан -рукъалъулаб талих1 ва даимаб рохел.

БукIа абе щивав цIумадисесул халатаб ва сахсаламатаб гIумру.

**М-З. Аюбов,** районалъул жамгIияб палатаялъул председатель

## СагIитбег ГIумиев - КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи



ГIумиев СагIитбег гьавуна ва гIуна Гьадири росулъ магIарул гIадатияб хъизаналда.

ГIагараб росулъ школа лъугIарав СагIитбег 1942 соналъул хасалихъе ахIун вуго Советияб Армиялде хьулухъ гьабизе.

Гьесул эмен ГIумий, эбел ПатIимат, вац ГIабдулатIип ва яц Бика гIумру гьабун рукIун руго 1932 соналдаса нахъе ЧИАССРалъул Гъойти абулеб росулъ. СагIитбег вукIун вуго гIагараб росулъ ва гьенисан, къо-лъикI гьабизе эбел-эменцин рихьичIого, ахIун вуго армиялдеги.

СагIитбег ккун вуго 88-абилеб кьвагьдолеб полкалъул 28 дивизиялде. Гьенив цIалун вуго пулеметчиклъун, Казахстаналдаса, Украиналдаса ва Россиялдаса гIолохъабигун цадахъ. ГIумиев цIали лъугIаравго, бажари бугев махщалилав хIисабалда, тун вуго мухъил тIоцевесев пулеметчиклъун.

Рагъда гьев лъукъун вугоункъо нухалъ. Ахирисеб нухалъ гьев лъукъун вуго 1944 соналъул I январалда. Тушманасул гуллица борлъараб бохалъ тату хвезабурав гьев, щвезавун вуго Белгород шагьаралъул госпиталалде. Гьениб кIиго анкьги бан, витIун вуго Ростовалъул госпиталалде. Вилълъанхъизе кIолеб букIинчIониги, гIунсбузда вахъун чIун, мадар гьабулеб букIун буго гьес. Гьедин вугев чи витIун вуго рокъове, тIуванго сахлъичIониги.

СагIитбег ГIумиевасе, хIинкъи гьечIого вагъарав, жинда тIад къараб иш рагIалде бахъинабулев, рагъулъ лъадарарав лъикIав бахIарчи хIисабалда, щвана рагъул шапакъатал: «Рагъулаб хъулухъалъе гIоло», «Рагъул бахIарчи» медалал ва «БагIараб цIва» орден.




ГIемер бакI-бакIалде гочардиялъ ГIумиев къосана гIемерал щолел щинал шапакъатаздасаги, юбилеялъул медалаздасаги ва хIурматалъулал граммотабаздасаги.

Армиялде унеб къоялъ цадахъ вукIарав Агъвалиса Ибрагьимов ГIалавдингун цадахъ цIалун вуго СагIитбег пулеметчиказул школалда. КIиявго ракьцояв ратIалъун руго цIали лъугIарабго ва аскIобго букIараб 58 полкалда вагъулев ГIалавдин вугониги, тIокIалъ цоцада рихьун гьечIо, рагъ лъугIун хадуб Агъвали гурони. Жидер рохалие гIорхъи букIинчIин ракIалде щвезабулаан гьес.

1966 соналдаса нахъе СагIитбег ГIумиев гIумру гьабун вуго Хасавюрт районалъул Теречное росулъ. Гьенирго руго яшав гьабун гьесул лъималги жидерго хъулухъазда хъизанлъималгун.

Бокьун буго СагIитбегида баркизе КIудияб Бергьенлъиялъ 71 сон тIубай, гьаризе гьесие сахлъи, рохел ва аваданлъи.

**Р.ГIалисултIанова**

Райсобраниялда

## Депутатазул данделъи

29 апрелалда Агъвали райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана районалъул депутатазул иргадулаб сессия.

Сессиялда гIахьаллъана районалъул бетIер АнвархIажи Вечедов, гьединго районалъул идарабазул ва гIуцIалабазул нухмалъулел.




Депутатаз тIоцебе халгьабурал 2015 соналъул ва гьаб соналъул тIоцебесеб кварталалъул районалъул цолъизабураб бюджет тIубаялъул, 2016 соналъул районалъул бюджеталда хиса-басиял гьариялъул хIакъалъулъ суалазул баяналгун к1алъай гьабуна районалъул экономикаялъулгун финансазулаб отделалъул нухмалъулесул заместитель ХIусен МухIамадовас.

Муниципалияб районалъул хъулухъазул сияхIалъул хIакъалъулъ информация гьабуна райадминистрациялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Тимур Ибрагьимовас.

Муниципалияб районалъул бак1алъулаб самоуправлениялъул аппараталъул структураялда хиса-басиял гьариялъул хIакъалъулъ информация гьабуна райадминистрациялъул отделалъул х1алт1ухьан МухIамад Жамаловас.



Муниципалияб районалъул «Нухазулаб фондалъул хIакъалъулъ» Положениялда хиса-басиял гьариялъул х1акъалъулъ к1алъай гьабуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель ТIагьир Халидовас.

Гьединго сессиялда хIукму гьабуна Лъондода росдал гьоркьохьеб школалъе хъвадарухьан ва журналист МухIамад Шамхаловасул цIар кьезе.

Депутатаз къабул гьабуна районалъул Собраниялъул хIисабалъул идараялъул нухмалъулев Шамил ГIабдулхаликъовасул жив хIалтIудаса эркен гьавеян кьураб гIарза.



Сессиялда гьоркьор лъурал суалазда тIасан кIалъазе рахьана депутатал МухIамад ГIабдулаев, ДибирмухIамад Гьадиятулаев, ХIамзат ГIабдулаев, Абубакар Абакаров, ЯхIия Мамадибиров, Мурад Окиев, Гъоркьгъаквари росдал бегавул Рашид АхIмадов ва райадминистрациялъул ишазул управляющий Асадула ГIумаров. Сессиялда хал гьарурал суалазда тIасан рекъон кколел хIукмаби къабул гьаруна. Районалъул депутатазул Собраниялъ гьелъул хIисабалъул идаралъул нухмалъулев Шамил ГIабдулхаликъовасул г1арзаги къабул гьабуна.

Сессиялъул хIукмаби цIализе бегьула хадусеб номералда.

**Газеталъул пресс-хъулухъ**

КIудияб Бергьенлъиялъ 71 сон тIубаялде

## Исламиде

Доб Севек шагьаралъул борхалъуда тIад
Хабалъ вукъун вуго ТIиндиса Ислам.
Севчаназ хабада лъун руго тIугьдул
ТIад бугеб зонода бикIкIун буго цIар.

ЦIар арав васасе нилъер ВатIаналъ
Зонода тIад лъуна шугIаркьелаб цIва.
ЦIа гIадав васасе сайгъат гьабураб
Хабалъ гьесий дугIа гьечIо гьабулеб.

Къураналъул аят гьечIо цIалулеб
ГIагарал божарал гьенир щоларо.
Росдал гIадамазда, гIагарлъиялда
Гьесул хоб бугеб бакI жеги лъаларо.

ГIураб росулъ гьесул щибго хутIичIо
ЦохIо цIар хутIана ракIалде щвезе.
Рагъде жив унелъул росулъ хутIарал
Лъади-лъимал гьесул церего хвана.

Хвезе гьечIел руго гьесул гьунарал
Гьаб дир Россиялда, Дагъистаналда
ГIасрабаз рекIелъ гьев цIунизе вуго
ЦIар арав бахIарчи, ЦIумадаса вас.

**Муса МухIамадов,** Чонтаул росдал школалъул директор

## «БагIараб цIваялъул» багьадур

Душманазул улка, «Шурави совет»
ГIаданлъи куцачIеб Афгъани улка.
ЦIияб гIумруялде ахIизе абун
Анин гIолохьаби вахIшияб рагьде.

ТIеренал михъазул дол гIолохьаби
Гьезда гьоркьов вугев цIумадисев вас.
Гьесул гьунаралъул бахIарчилъидул
Бицун хьвалеб бугин гьаб жакъасеб кечI.

Аза-азар васал ритIана рагьде
Нилъер ВатIаналъул тIаса рищарал.
МагIарул чиясул - чармил ракI бугев
Гьезда гьоркьов нилъер МухIамадзагьид.

Россиялъ бергьараб кумек букIиналъ
Улкаялъул намус цIунун вагъанин,
Гьудуллъи цIунизе бараб гьа букIун
Вагъана нилъер вас чияр ракьалда.

Амма кив щваниги, намусги яхIги,
Кьезе хIадурав вас вукIин лъалаан.
КочIолъ абухъего, маян рухI кьезе
ХIадурав вукIана МухIамадзагьид.

«Жегиги чIагого бихьана гьасда
Афгъаналъул рагъда «жужахI» кинаб жо
Бидуца лъалъарал чармил къураби
Кьвагьун щущахъ арал дора шагьарал.

Бихьана гьасда рагъ Кандагьаралда
ГIемерал лъукъарал лъай босун арал.
Доб Гундиганалда жанив ккарав гьав
ХIукму Аллагьасул, букIун ворчIана.

Нилъер гIолохьаби чIухIизе ккола
«БагIараб цIваялъул» багьадур вук1ин
Жакъасеб къоялда мисаллъун вугев
Гьав МухIамадзагьид нилъер вукIиналъ.

Гулбузул цIадуца черх борлъаниги,
ХIинкъи рекIелъ ккечIев МухIамадзагьид
Дур каранда бараб «БагIараб цIваялъ»
БахIарчи мун вукIин бихьулеб буго.

**МухIамад ХIайбулаев,** Агъвали гьоркьохьеб школалъул мугIалим

## Терроралде дандечIараб выставка

Гьаб ахираб кIиго анкьалда жаниб районалъул библиотекаялда тIобитIана «Терроризм ва экстремизм–къосараб нух» цIаралда гьоркь тIахьазулгун суратазул цебелъей. Библиотекаялъул нухмалъулей ПатIимат ХIасбулаевалъул ва культураялъулгун спорталъул ва гIолилазул ишазул управлениялъул нухмалъулесул заместитель Темирхан ХIажиевасул нухмалъиялда гьоркь рагьараб цебелъеялда вахIшияб терроралдаса цIуне халкъ абун ахIи балел суратаза гьелъул къурбанал рихьизарун рукIана. Выставка рагьараб къоялъ гьенире щвана районалъул бетIер АнвархIажи Вечедов.

Выставка рагьулаго, терроризмалде дандечIараб хIалтIи тIобитIи ва гIолилазегун цIалдохьабазе лъикIаб тарбия кьей щивасда тIадаб иш бук1ин бицана Темирхан ХIажиевас.

Гьединго терроризмалъул бицун кIалъаял гьаруна районалъул ветераназул Советалъул председатель МухIамад Шамсудиновас, Агъвали авал мажгиталъул имам МухIамад ГIабдурашидовас, районалъул культураялъулгун спорталъул ва гIолилазул управлениялъул г1олилазул ишазул рахьалъ х1алт1ухьан Мух1амад Мух1амадовас.



Щибаб къойил выставкаялде жидерго нухмалъулелгун рачIана Агъвали школалъул классазул цIалдохьаби. Гьезие вагIза-насихIаталгун, терроризмалъ халкъалъе гьабулеб зулмуялъул бицун кIалъаял гьаруна Агъвали росдал мажгиталъул имамасул заместитель Шамил Х1ажиевас, Агъвали росдал авал мажгиталъул имам Х1амзат Х1амзатовас ва библиотекаялъул хIалтIухьабаз.

Гьедин берцинго ва гIуцIадго, балагьаразе пайдаяб хIалалда ана выставка.

**З. Сажидова**

Росдал магIишаталъул ярмарка

# Районалъул фермерал -росдал магIишаталъул ярмаркаялда



Араб шамат къоялъ Дагъистаналъул росдал магIишаталъул министерствоялъ МахIачхъалаялда тIобитIана росдал магIишаталъул, ай, рахьдал, гьанал ва пихъил нигIматазул базар (ярмарка).

Гьениб республикаялъул фермеразгун рахьдалгун гьанал нигIматал ва пихъил консервал гьарулел заводаз тахшагьаралъулазе учузаб багьаялда чIезарун рукIана тIадегIанаб качествадул росдал магIишаталъул нигIматал.

Базаралъул аслиял, жидер цIар тIибитIарал фермеразгун предприятиязда цадахъ тIоцебесеб нухалъ гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул фермеразги районалъул росдал магIишаталъул нухмалъулев МухIамад Идрисовасул ва гьесул заместитель МухIамадрасул НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь. Гьениб жидерго продукция бичизе лъуна нилъер районалъул Шаваялда бугеб «ХIажимухIамад» КФХялъ ва «Лъондода» СПКялъ. Гьез бачIараб хIан ва гIачиязулгун гIиял гьан гIодоб лъезе течIого бичун босана базаралде рач1араз.

Базар рагьиялда гIахьаллъана республикаялъул росдал магIишаталъул министр Мусафенди Велимурадов ва гьесул заместитель Шагьмир БахIарчиев.

М.Велимурадовасул рагIабазда рекъон, гьединал базарал тIоритIиялъул аслияб масъалалъун республикаялъул фермеразул магIишат цебетIей гуребги, байрамазда цересел къояз шагьаралъул гIадамазе учузаб багьаялъухъ тIадегIанаб даражадул кванил нигIматал чIезари ккола.

-Гьадинал тадбирал тIоритIизе руго щибаб байрамалда цересел къояз. Щивасул рес буго базаралъулаздаса учузаб багьаялда кванил нигIматал росизе. Нужедаго бихьухъе, гьаниб росдал магIишаталъул нигIматазул ассортиментги гIураб къадаралда буго.

Рамазан ГIабдулатIиповас кутакалда кIвар кьолеб буго республикаялда росдал магIишат цебет1езабиялде, жакъасеб гьаб иргадулаб базарги гьелъие нугIлъун. Хадусел тадбиразда гIахьаллъулезул къадар жеги цIикIкIиналда щибго щаклъизеги бачIунаро, машинаби лъезе бакIалги хIукуматалъ чIорого рихьизарун ругелъул,-ян абуна министрас.

КIиго къоялъ халатбахъана базар, гьелдаса рази рукIана фермералгун шагьаралъулал.

Ярмарка-базаралда хурхун жидерго пикраби загьир гьаруна МухIамад Идрисовас ва МухIамадрасул НурмухIамадовасги.

**М.Идрисов:** -Гьаниб цебеккунги абухъе, гьаб тадбир тIобитIулеб буго республикаялъул росдал магIишаталъул министерствоялъ. Гьелъ бицунеб буго кигIанасеб кIвар кьолеб бугеб республикаялда росдал магIишат цебетIезабиялде. Гьединабго бербалагьи буго нилъер районалъул нухмалъиялъулги росдал магIишаталдехун. Жакъа гьаниб гIахьаллъи гьабулеб буго нилъер районалдаса ункъо фермерас: гIиязул гьангун Шамил ГIабдулмуслимовас





ва ХIабиб СилахIудиновас, гIачиязул гьангун «Лъондода» СПКялъ ва хIангун «ХIажимухIамад» КФХялъ. Министрас ва гьесул заместитель, нилъер районалъул куратор Шагьмир БахIарчиевас лъикIаб къимат къуна Шава гьутабазда гьабулеб хIалтIуе, цIумадисел рорчIун ругин гьанжеян хас гьабунги абун, нилъер нигIматазул хал гьабулаго. Пачалихъалъги кумек гьабулеб буго ракь хIалтIизабулезе ва гIи-боцIи хьихьулезе. Гьадинал тадбираз квербакъула кванил нигIматазул багьаби учузлъизе ва гьезулъ гIахьаллъулезул къадар хадубккунги цIикIкIинабизе жигар бахъизе буго.

ГьабсагIат ихдада харжал гIемер ккола фермеразул, гьезие гIарцулаб рахъалъ лъикIаб кумек щола гьадинал тадбиразда гIахьаллъиялъ. Баркала жакъа гьанир гIахьаллъаразеги ва нилъее лъикIаб къимат къураб росдал магIишаталъул министерствоялъеги.

**М-Р.НурмухIамадов:** -Районалъул нухмалъи буго жакъа ниж гьанир гIахьаллъиялъе аслиял «гIайибиял». Нухмалъиялде вачIун гIемер мех гьечIониги, кIицIул дандчIвана районалъул бетIер шаваялъулалгун, тIобитIана росдал магIишаталъул хIалтIухъабазул форум. ТIоцебесеб иргалда бокьун буго районалъул нухмалъиялъе баркала загьир гьабизе Шаваялда гьаризе байбихьарал хIалтIабазухъ. Гьутабазда ругел гIадамазул ахIвал-хIалалъул къойилаб бербалагьи букIуна районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовасул. Къаси кватIараб гIужалцин рахIат хун лъазарула гьес лъалъалел рахъал рацIцIиялъул, ракь бекьиялъул ва цогидалги хIалтIабазул ин. Гьев разияб жаваб кьезе ккани, ниж хIалтIизе ккола. Гьале нижер, гьитIинаб бугониги, тIоцебесеб хIалтIул хIасил.

Гьединаб бербалагьи жидедехун бугеб механалъ, фермеразулги ракI балеб буго тIадчIун хIалтIизе. Бокьараб къоялъ ахIи бани, жаваб кьоледухъ хIалтIулел руго жакъа гьел. Баркала гьелъухъ районалъул нухмалъиялъеги, нижедехун гьумер буссизабураб росдал магIишаталъул министерствоялъеги ва гьумер буссуледухъ хIалтIулел фермеразеги.

**Х.Залимханова**

Нухал, лъим, канлъи- гIадамазул гIузру

# «Дагъавтодоралъул» вакил - районалда



Дагъалъ цеве районалде вачIун вукIана «Дагъавтодоралъул» нухмалъулесул тIоцевесев заместитель МухIамад ТIагьиров. Гьесул иргадулаб сапаралъул мурадлъун букIана районалъул захIматчагIи жидерго суалалгун тIаде къабул гьари.

Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер А-ХI. Вечедов, гьесул заместителал М-Р. Гагиев ва ТI. Халидов, «Болъихъагропромдорстрой» ОООялъул генералияв директор М. Магомаев, районалъул нухазул участкаялъул нухмалъулев А. Давудов ва районалъул жанисел ишазул отделалъул начальник Э. МухIамадов.

Къабул гьаризе хъваразул анцIила кIигояссе рес щвана жидерго суалалгун М. ТIагьировгун дандчIвазе.

Халкъалъул суалазулъ аслияб бакI ккуна Болъихъан Агъвалибе бугеб шагьра-нух хъил тIун рагIалде бахъинабиялъул, Агъвали базаралде унеб нухда бугеб кьо жагъаллъун букIиналда бан гьеб къачIаялъул, Къеди-Сасикь нухда гьарулел хIалтIабазул, Гьигьалъ-Гьадири нухлул Агъвали росулъ бугеб манзил къачIаялъул, Лъондодаса-Агъвалибе бачараб лъел мухъалъул хIалтIи рагIалде бахъинабиялъул, Эчеда майданалда бугеб подстанциялда цо гурони дежурнияв гьечIолъиялда бан дандчIвалел квекIеназул ва цогидалги районалда жанир нухазда сверухъ гьаризе кколел хIалтIабазул хIакъалъулъ суалаз.

ГIадамал къабул гьарун хадуб, гьелъул хIасилал рачулаго, МухIамад ТIагьировасул пикру ккана гьел киналго суалазул халги гьабун, республикаялъул тIалъиялда ва жавабиял идарабазда гьезул хIакъалъулъ лъазабизе.

Гьебго къоялъ МухIамад ТIагьиров дандчIвана районалъул гIадамалгун.

Данделъиялъул ахиралда АнвархIажи Вечедовас баркала загьир гьабуна МухIамад ТIагьировасе районалде вачIиналъухъ ва халкъалъул мурадал тIуразе гьесул бугеб нигаталъухъ.

**Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ**

КIудияб Бергьенлъиялъ 71 сон тIубаялде

# Рагъул кьогIлъи кIочене бегьуларо

Исана 71 сон тIубалеб буго Совет Союзалъ гьелъул армиялъ, рагъда гIахьаллъарал пачалихъазул прогрессивияб халкъалъ гитлерилаб фашизмалъул Германиялда тIад бергьенлъи босаралдаса нахъе.



Гьеб кIудияб бергьенлъиялъе гIоло советияб халкъалъул 27 миллион чияс рухI кьуна рагъда.

Щибаб соналъ гIадин, жакъаги дунялалъулго халкъаз кIодо гьабулеб буго фашизмалда тIад босараб КIудияб Бергьенлъи.

КIиабилеб дунялалъул рагъул хIинкъи букIана цохIо СССРалъул халкъазе гуребги ТIолгодунялалъул халкъазеги. «Нилъеца тIолабго дунял накабазда чIезабила»-гьединаб ахIигун кагъат букIана Германиялъул фашизмалъул щивав солдатасул кисиниб. Гьединаб мурадгун цолъана Германия, Италия ва Япония.

Гитлерил планалда рекъон гIицIго славяназул хвезе кколев вукIана 40 миллионалде гIагарун чи. Москва ва Ленинград шагьарал ракьул гьумералда ращад гьаризе буюрухъ кьун букIана Гитлерица.

ГьединабгокъагIидаялъулабвахIшилъижидеда щвезе букIин бичIчIулеб букIана социализмалде дандечIараб Англиялъул хIукуматалъул бетIер У. Черчилидаги. 1941 соналъул 22 июналъ бакъанил гIужалда радиоялдаса кIалъалаго, гьес абуна: «Россиялъе бугеб хIинкъи-гьеб буго нилъее ва Американалъул цолъарал штатазе бугеб хIинкъи. Жиндирго рукъалъе, гьанситоялъе гIоло вагъулев щивав гIурусасул иш ккола тIолабго дунялалъул киналго ракьазде ругел эркенал гIадамазул ва эркенал халкъазул ишлъун»,- ян.

Дунялалъулго халкъал рахьана ВатIан цIунун хъамалчагIазде данде рагьизе. КIиабилеб дунялалъул рагъалъ гьорлъе вачун вукIана миллиардгун 700 миллион чи вугеб 61 пачалихъ. 110 миллион чияс кодобе босана ярагъ, 40 пачалихъалъул ракьалда тIад унеб букIана рагъ. 1418 сордо-къоялъ халалъана кIиабилеб ВатIанияб рагъ.

1941 соналъул июналда СССРалъул армиялда 2,9 миллион чи вукIун ватани, хадуб гьелъул къадар бахана 6,7 миллион чиясде.

КIиабилеб дунялалъул рагъда хвана 50 миллионалдаса цIикIкIун чи. СССРалда тIаде кIанцIана цадахъго 4 гьаваялъул флот ва 190 дивизия. Гьезда гьорлъ рукIана 5,5 миллион чи солдатазул ва офицеразул, 3712 танк, 4500 самолет, 50 000 гIарада. Гьеб къуват 2-3 нухалъ цIикIкIараб букIана дандечIей гьабизе кколел гIорхъабазда рукIарал БагIараб Армиялъул аскаразда. Нилъер улка тIубан хIадурлъун букIинчIо рагъде.

Къокъабго заманалда тушманасухъе щвана тIощел гIезабулел рукIарал ракьал, риххизаруна 60 процент чаран кьолел заводал, гьедигIанасеб къадар тIурччи бахъулел шахтаби. Рагъул заманалда фашистаз чIунтизабуна 1710 шагьар ва поселок, 70 000 цIикIкIун росу, 31850 заводалгун фабрикаби, 98000 колхоз, 39000 медучреждение, 82000 школа ва гIемераб цогидабги. 25 миллион чи хутIана жанир чIезе рукъзал гьечIого.

Гьеб захIматаб ахIвал-хIалалъул заманалда СССРалъул пачалихъалъул нухмалъулез, улкаялъул цIар рагIарал рагъул полководцазул жигараб рагъул аскаразе гьабураб битIараб нухмалъиялъ, политбюроялъ бетIералда Генералиссимус Иосиф Сталингун къокъаб заманалда жаниб тIолабго улкаялъул промышленность, росдал магIишаталъул буголъи ва цогидалги промышленносталъул бут1аби мутIиг1 гьаруна рагъул мурадалъе. Бакът1ер-хьул рахьалда ругел регионаздасан ва централиял районаздаса заводал, фабрикал хIажатал сурсаталгун ва специалисталгун рехана Дальний Востокалде, Уралалде ва Гьоркьохъеб Азиялде.

«Кинабго фронталъе г1оло!» абураб ах1иял-да гьоркь х1алт1улеб бук1ана улка.

Уралалдаса добехун гочинабун рехана 2593 промышлияб предприятие. 1942 соналъул март моцIалда Востокалде рехарал предприятиябаз къватIиб биччана рагъулаб продукция тIолабго СССРалъ рагъул соназде щвезегIан къватIиб биччаралдасаги цIикIкIун.

Анлъго моцIида жаниб фашистазул аскарал щун рукIана Москва шагьаралда гIагарлъизе 75-110 км. манзилалде. Гьеб заманаялъ ах1и букIана «Нахъе къазе ихтияр гьеч1о, нахъехун Москва буго» абун.

1941 соналъул 5 декабралъ циндаго БагIараб Армиялъ байбихьана тушманасде гьужум гьабизе ва 1942 соналъул 7 январалъ тушбаби Москваялдаса нахъе къазаруна 250 км. манзилалъ. Гьеб букIана тIоцебе нилъее щвараб кIудияб бергьенлъи.

1943 соналъул 2 февралалъ тушманасдаса эркен гьабуна Сталинград шагьар. Гьеб рагъда хвана фашистазул 1,5 миллион чи ва асирлъуде восана 90 азарго чи. Гьеб букIана Германиялъ тIолабго улкаялда магIирукъ лъазабураб къо. Гьеб букIана нилъер аскараз босараб кIвар бугеб кIиабилеб бергьенлъи. Сталинград кверде босиялъ кьолболъанго рагъул ин хисизе байбихьана ва тIолго дунялалъулго рагъул кверщел кодобе щвана СССРалъухъе.

1943 соналъул июль моцIалъ Курскалъул дугаялда рагъалунаго тушманасул аскараз байбихьана гьоркьчIел гьабизе, амма БагIараб армиялъул гьужумалъ гьел гьеб соналъул ахиралде Белоруссиялъул гIорхъабазде нахъе къазаруна.

1943 соналъ нилъеца росарал бергьенлъабазул хIасилалда тIубан кьолболъанго хисана рагъул ин. Гьебги букIана нилъее щварал бергьенлъабазул лъабабилеб.

1944 соналъул 6 июналда рагьана кIиабилеб фронт ва Англо-Американаялъул аскарал рещтIана Нормандиялда-Франциялъул ракьалда.

1944 соналъул январь моцIалъ блокадаялдаса эркен гьабуна Ленинград. Гьебго соналъул апрель-май моцIаз БагIараб Армиялъ щущахъ рихъизаруна тушманасул аскарал ЧIегIераб ралъдал рагIаллъабазул ракьаздаса- Крым, Севастополь, Одесса.

1945 соналъул байбихьуда Европаялъул пачалихъалги эркен гьарулаго, БагIараб Армия ана 500 км. манзилалъ цере Берлиналдехун.

Гьебго соналъул 30 апрелалъ БагIараб Армиялъул гучадалъун Берлиналъул Рейхстагалда тIад парпазабуна Бергьенлъиялъул байрахъ. Гьеб байрахъ лъураздa гьоркь вукIана дагъистанияв АбдулхIаким ИсмагIиловги.

2 маялъ Берлиналъул гарнизон ва 8 маялъ тIубанго Германия кверде бачIана.

11маялъ Чехословакиялъул тахшагьар Прагаялда кодо росана вермахталъул рагъул рукIарал ахирал аскаразул къокъаби. Гьеб заманалда Западалъул ракьалда ругел пачалихъазда рагъ лъугIана.

БагIараб Армиялъ Востокалда бугеб Япониялъул армия щущахъ биххизабуна ва 2 сентябралъ гьеб кверде босана.

КIиабилеб дунялалъулго рагъда жигараб гIахьаллъи гьабуна кIинусазаргоялде гIунтIун дагъистанияс. Рагъда росарал бергьенлъабазе гIоло 30 азаргоялдасаги цIикIкун дагъистаниязе щвана рагъул орденал ва медалал, 57 чиясе щвана Совет Союзалъул БахIарчиясул ц1ар. Гьезда гьоркьов вуго гитлерилаз тIад балеб гуллихъги балагьичIого, жинцаго хвезабураб тушманасул танкалда тIадеги вахун, фашистаздехунги вуссун, чанго рекIелъ кьалеб рагIи гьездехунги абун, магIарулазул кьурди гьабурав нилъер ракьцояв, Эчедаса Къади Абакаровги.

Дагъистаналъул халкъалъ ВатIаналъул рагъул соназда танкал, самолетал ва цогидабги рагъулаб къайи гьабиялъе кьуна 350 млн. гьурущ гIарац, фронталъе битIана 150 вагон хинаб ретIел-хьиталъул, ва 140 вагон батIи-батIиял сайгъатазул. Гьеб кинабго бакIариялъулъ гIахьаллъи гьабуна херазги, ручабазги, школалъул лъималазги, гIаммаб къагIидаялъ-киназго. РухIалда, яхIалда барахщичIого рагъда жигараб гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул халкъалъги.

Районалдаса КIиабилеб ВатIанияб рагъде ана 1459 чи. Гьезул г1емерисел абадиялъего къанцана къалул майданалда. Районалъул щибаб росулъ руго рагъде аразул, рагъдаса руссинчIезул рагъул гIахьалчагIазул сияхIал.

Киналго рагъда гIахьаллъаразул, гьезул бахIарчилъиялъул, рагъда росарал бергьенлъабазул бицун нилъер хIал кIвеларо, амма якъинго лъалеб жо буго гIемер миллаталъулаб Совет Союзалъул рагъулал аскаралгун цадахъ лъугьун гьез бахIарчияб къагIидаялда къаби щвезабуна тушманасда.

Жакъа къоялде районалда хутIун гьечIо цониги ВатIанияб рагъул гIахьалчи. 2014 соналъ гьезда гьоркьоса чIаго хутIун вукIарав РичIагьанихъа ЛатIипов МухIамад хун зигара базе арав дида ракIалде ккана тIубан мискинлъанин район рагъулал ветеранал тIагIиялдалъун, гьанже щалгун дандчIвазе ругел Бергьенлъиялъул къоялъ 9 маялда районцоял абун.

Жакъа къоялда рагъул лъабго г1ахьалчи хут1ун вуго нилъер районалъул гIатIиракьалда гIумру гьабулел- Хасавюрт районалъул Теречное росулъ Гьадириса ГIумиев СагIидбег, Гьизилюрт районалъул Комсомольское поселокалда Хонохъа Шарипов Шарип ва Акнада росулъа ХIажимухIамадов МухIамад.

Нилъер щивас гьел рик1к1ине руго чIагоязда гьоркьор, гьезул бергьенлъи, гьунар, бахIарчилъи даимго чIагоябльун букIина нилъее. КIочон тезе бегьуларо гьел, кидагосеб рецц ВатIан цIунулаго хварал бахIарчиял васазе ва ясазе.

Бажарараб кумек гьабуна БагIараб Армиялъе нилъер районалъул халкъалъги. Гьез фронталъе ритIана кванил нигIматал, хинаб ретIел, хьубчул, хьитазе цIоко-къехь, квасул квердаххелал, щватаби, гIарац.

Районалъул архив бухIун букIиналъ дие ратизе кIвечIо тIолабго районалъул халкъалъ гьабураб материалияб кумекалъул баянал. Гьелъ гьаниб рехсон толеб буго цого-цо КIванада росдал гIадамаз гьабураб кумекалъул баян. (Гьеб бахъулеб буго архивалда батухъе, г1урус мац1алда).

1.Квитанции №№ 9085; 7250; 4020; от 3.05. 1945 г. общая сумма 20 355 руб.

2. В честь 27-й годовщины РККА-2 артель мастерская по пошиву рукавиц, носков и тулупов в доме Халидова О.

3.Две посылки шерсти отправлены Гаджиевым Хизри.

4.Золотые серьги передать в фонд фронта от Далгатовой П.

5.В течение 4-х лет колхозники села полученый доход с 1 гектара передать в фонд фронта.

6.Поздравительное письмо Верховному Главнокомандующему СССР И.В. Сталину апрель 1945г: «Вдохновленные большими победами словной Красной Армии в день завершения уничтожения врага колхозники и колхозницы колхоза «Красный партизан» Цумадинского района Даг. АССР выслали посылки для бойцам и командирам Красной Армии 35000 рублей.

Мы Вас заверяем, дорогой Иосиф Виссарионович Сталин, что мы не жалеем сил, энергии и крови в деле уничтожения врага.

**Парторг Далгатов**
**Председатель колхоза Магомед Алиев**
**Председатель с/исполкома Куратов Г.**
**Уполномоченный райкома ВКП (б) Гусейнов Гаджи. Газета «Колхозчи»**
**20 февраля 1945 с.**

**(Хадусеб букIине буго)**

# Лъазабулеб буго конкурс

Дагъистаналъул муфтий АхIмад-хIажи ГIабдулаевасул «ЛъикIал тIабигIатазул ах» абураб тIехьалда тIаса районалда тIобитIизе буго конкурс.

Конкурсалда гIахьаллъизе бегьула нилъер районалда гIумру гьабун ругел бокьаралщинал.

Конкурсалда тIоцебесеб бакI щварасе кьезе бихьизабун буго автомашина «Лада Приора», кIиабилеб ва лъабабилеб бакIал ккуразе 120 азарго ва 80 азарго гъурущ.

Руго гьединго сайгъатал: холодилникал, ретIел чурулел машинаби, телевизорал, телефонал, чед бежулел гьитIинал печал, гьан хенолел машинаби, фотоаппаратал, планшетал, ручкаялъул кумекалдалъун цIалулеб Къуръан ва цогидабги рукIа-рахъиналъулаб техника.

Конкурсалъул т1оцебесеб этап т1обит1изе буго 17 июлалъ.

Конкурсалда г1ахьаллъизе бокьараз хъвай-хъваг1ай гьабизе ах1е 8963-421-79-23 телефоналде Х1ажиев Шамилихъе.

Гъоркъехун рахъулел руго конкурсалъе




х1адурлъиялъе суалал.

**Шамил ХIажиев,** Агъвали мажгиталъул имамасул заместитель

## «ЛъикIал тIабигIатазул ах» абураб тIехьалда тIаса тIобитIизесеб конкурсалъе суалал

**ТIоцебесеб бутIа. 1 бетIер. Нафсалъул хIакъикъат.**

1.Нафс щиб жо кколеб? Нафсалъул хIакъикъат.

2.Инсан вижиялъул хIакъалъулъ Аварагас (с.гI.в) бицараб хIадис.

3.Кинабниги гIасилъиялъул аслу щиб?

4. Аллагьасул ХIазраталде бищунго бигьаяб ва гIагараб нух.

**2 бетIер. Нафс бацIцIад гьаби.**

5. Инсанасул нафсалъул даражаби чан ругел? Гьезул баян гьабе.

6. Нафс бацIцIад гьаби сунда релълъинабун бугеб?

7. Нафс бацIцIад гьабиялъул къагIидаби рице.

8.Нафсалдехун хилиплъи гьабиялъул кIвар бице. Гьелда хурхун гIалимзабаз абураб бице.

9. Нафсалъулъ гьабулеб ункъго батIияб тайпаялъул хвел.

10. Мисриялда вукIарав кашфу (балъгояб лъай) лъаялдалъун машгъурлъарав кашишасул бице.

11. Ибрагьим бину Шайбаниясул къиса бице.

12.Нафсалъул хIисаб-суал гьабиялъул бице. Гьелъие тIехьалда бугеб мисал баче.

13. Макинудин Асмар абулев шайих будалаазул цоявлъун кин лъугьарав?

14. Абу ХIафс ХIадад Найсабуriяс нафсалъул хIакъалъулъ абурал рагIаби.

15. Сиддикъуназул цояс жиндирго нафсалдехун гьабураб хитIаб бице.

16. Зуннунил Мисрияс рехсараб халкъалде пасалъи щолеб анлъго жо бице.

17.Нафсгун рагьиялъул къагIидаби баян гьабун гIалимзабаз абурал рагIаби рице.

18. ГIодорегIанал тIабигIатазул къучIлъун щиб бугеб? Баянго бице.

19.Ибну ГIатIаиллагьида Аллагьасул бищун щим бахьинабулеб жо щибилан гьикъидал гьес къураб жаваб бице.

20. Юсуф аварагас (гI.с) нафсалъул хIакъалъулъ абураб бице.

21.«Аттаъвилату ннажмияту» абураб тIехIалда нафсалъул хIакъалъулъ щиб бицун бугеб?

22.Аварагас (с.гI.в) гьабулеб букIараб дугIа нафсалдаса цIунизе.

23.Имам Багъаудин МухIаммад Накъшубандиясул васият бице.

24.Какарал тIабигIатазда данде бугеб дару щиб? Гьелъие тIехьалда бачун бугеб мисал щиб?

**3 бетIер. Тавбу.**

25.РухIиял макъамазул тIоцебесеб щиб? Гьелда хурхун аятги бице ва баянги кье.

26.Лагъас гьабураб мунагь сунда релълъине гьабун бугеб?

27. Муъминчиясул ракI сунда релълъине гьабулеб бугеб?

28.МухIаммад аварагас (с.гI.в.) абуна: «Дун дир умматалда бищунго хIинкъулеб жо…» хIадис лъугIизегIан бице.

29.Тавбу гьабурав чиясул щиб хIал букIине кколеб ва щиб гьабизе кколеб?

**КIиабилеб бутIа. Какарал тIабигIатал. 1 бетIер. ХIусудги хIалхъублъиги.**

30. ХIусудалъулги хIалхъублъиялъулги хIакъикъат.

31.Кинабниги мунагь-хатIалъиялъул аслулъун ругел лъабго мунагьалъул бицараб Аварагасул (с.гI.в) хIадис бице.

32.Аварагас (с.гI.в) абуна: «Нужеда тIаде бачIун буго цере рукIарал умматазул унти:...» хIадис лъугIизегIан бице.

33.ХIусудчиясул дугIаялъе жаваб гьабунгутIиялъулъ бугеб хIикмат щиб?

34.ХIусудчиясулгун гьоркьоблъи гьабиялъул къагIида.

**2 бетIер. ЧIухIи.**

35. ЧIухIи баккулеб бакI.

36.Сунца гьалаг гьабураб иблис?

37. ЧIухIиялъе дару. Къуръаналъул аят баче ва гьелъие баян кье.

**3 бетIер. ТIадегIанлъи бокьи.**

38.ТIадегIанлъи бокьиялъул хIакъикъат.

39.ТIадегIанлъи бокьиялда хурхун Ибну Машишица абурал рагIаби рице.

40.ТIадегIанлъи бокьиялъе дару.

**4 бетIер. Ццим бахьин.**

41.Ццим бахьин баккулеб бакI.

42.Эбелалъул ургьисаго нафсалъулъ рукIунел сифатазул баянго бице.

43. Инсанасул гIамалал кинан загьирлъулел Барзахалда?

44.Ццим бахьараб мехалъ щиб гьабизе малъулеб букIараб Аварагас (с.гI.в)?

45.Аварагасул (с.гI.в) хIадисалда рехсон ругел лъабго жинца чи хвасар гьавулеб ва лъабго жинца чи гьалаг гьавулеб жал рице.

46. Кинаб куцалъ лагъас нафс куцазе кколеб? Мисал баче.

**5 бетIер. Гьибат ва мацI гьаби.**

47. Гьибат гьабиялъул ва мацI гьабиялъул хIакъикъат. Гьезул хIакъалъулъ хIадисал рице.

48. Гьибат гьабиги мацI гьабиги кинал сифатазда гьел релълъине гьарун ругел?

49. Гьибат гьабиги мацI гьабиги жиндилъ букIаго щиб жоялъе рес букIунареб муридасе?

Нафс бацIцIад гьабиялда хурхараб аят бице.

50. ГIалимзабаз гьибат гьабиялдасаги мацI гьибиялдасаги нахъчIваялъул бице.

51.Ибну ГIатIаиллагьил рагIаби рице мунагьалда хадуб ракIбекиялъул бицараб.

52. Гьибат ва мацI гьабиялда хурхарал Аварагасул (с.гI.в) хIадисал рице.

53. Гьибат ва мацI гьабиялда хурхарал гIалимзабазул рагIаби рице.

54. Ибну ГIатIаиллагьица абуна: «Дуе цо чиясул гIакълуялъул хIалбихьизе бокьани…» лъугIизе гьабе.

55. Жиндаса гьибат лъугьарав чиясе гьабизе рекъараб жо.

56. Жиндасан гьибат гьабуни щиб гьабизе кколеб?

57.Жинда цебе цониги диналъул вацасдасан гьибат гьабуни щиб гьабизе тIалъулеб?

58. ЯхIя бину МугIаз Арразияс абуна: «Дудасан муъминчиясе букIа абе лъабго…» лъугIизе гьабе.

59.Адгьамил Ибрагьимил гьибаталда хурхун ккараб кIиябго къиса бице.

**6 бетIер. Дунял бокьи.**

60.ШаригIаталъ дунял бокьиялъе кинаб къимат кьолеб? БичIчIизабе.

61.Адамилги ХIавалги кьисаялъулъ дунялалъул гIодобегIанлъи кин бичIчIизабун бугеб.

62.ТIадегIанав Аллагьас дунялалдехунги вуссун абурал рагIаби рице.

63.Дунялалда хурхун Аварагас (с.гI.в) бицараб кIиго хIадис бице.

64. Шазалияс дунялалда хурхун абурал рагIаби рице.

65. Абул ХIасан ГIали Музайаница дунял бокьиялда хурхун абурал рагIаби рице.

66.Аварагас (с.гI.в) абуна: «Мун дунялалда чияр бакIалда вугев яги нух къотIун унев чи гIадин…» лъугIизе гьабе

67.Бищун мунфагIат бугеб гIелму щибилан имам Жунайдил Багъдадиясда гьикъараб мехалъ гьес щиб жаваб гьабураб?

68. ГIали асхIабас дунял бокьиялдаса кин нахъчIвалел рукIараб?

69.ГIалимзабазги лъикIал чагIазги дунялалъул хIакъалъулъ абурал рагIаби.

**Лъабабилеб БутIа. Рецщарал тIабигIатал. I бетIер. ГIубудият.**

70.ГIубудияталъул хIакъикъат.

71.БетIергьанлъиялъул ва лагълъиялъул сифатазда гьоркьоб батIалъи.

72.ГIиса аварагас (гI.с) абуна:«ГIубудият абулеб жо…» лъугIизе гьабе.

73.Зуннунил Мисрияс абуна: «ГIубудият абулеб жо…» лъугIизе гьабе.

74.«Гьеб гIубудият ункъго жоялъул букIуна: …» лъугIизе гьабе.

75.ГIубудияталъул гIаламатал.

76.Адгьамил Ибрагьимилги гьесул лагъасулги ккараб кIалъай.

77.Имам ГIалиюл Хавасица жиндирго мурид ШагIраниясе гьабураб насихIат.

78.Аллагьасе хIелиялъулги мутIигIлъиялъулги ахир щиб? БичIчIизабе.

79.Аллагьас бижараб батIибатIияб махлукъаталдасан мисал босиялъул бице.

80. Жиндирго нафс киназдасаго гIодобегIан бихьиялъул пайда щиб?

81. Имам Афзалудинас имам ШагIраниясе кинаб насихIат гьабураб?

82. Муридасда жиндирго нафс лъангутIиялъул гIаламатал рице.

83. Лагъасулъ какарал сифатал кида хIалтIулел, рецщарал кида хIалтIулел?

84.Шайих ГIабдулкъадир ДаштIутIиясул къиса бице.

85. Дур ракI машгъуллъараб жоялъул лагъ вуго мун. Гьалъие баян кье.

86. Лагъасул къадру – къимат ва хиралъи сундухъ балагьун букIунеб?

87.ДугIа – гIибадат буго. Баян гьабе.

88. ГIубудият нахъчIвалел сифатал. Баян кье.

89. КIудияв гIураб мехалъ ва бичIчIиги цIикIкIараб мехалъ лагъасде гьорлъе кинал сифатал лъугьунел.

Гьел гьесулъ хIалтIиялдалъун щиб лъугьине рес бугеб?

90. Аллагьас щайтIаналдехун абурал рагIаби рице Къуръаналда жал рехсон ругел сураталъул «Исраъалда» 63-64 аяталъ.

Гьел аятаз щиб нилъеда малъулеб бугеб?

91. Иблис ракьалде рещтIине гьабураб мехалъ, гьелъ абуна: «Я БетIергьан … » лъугIизе гьабе.

92.Лагълъиялъул пихьалги рицун лагъасе гьабулеб бугеб насихIат.

93.Аллагьасул ХIазраталда лагъ абун жинда цIар лъеялде урхъарав мехалъ, Аллагьас лагъасе кумек гьабула. Баян кье.

94.Къуръаналда буго: «ХIакълъунго, садакъа пакъирзабазе буго». Аллагьасул гьаб рагIиялъе баян кье.

95.Камилал гIадамаз киданиги нафсалъе бокьараб гьабулищ? БичIчIизабе.

**2 бетIер. Аллагьасдаса разилъи ва Аллагьасде тIамун тей.**

96. Разилъи щиб кколеб?

97.Аллагьасдаса разилъи сунда абулеб?

98. Аллагьасдаса разилъиялъул гIаламатал рице.

99.Разилъиялъул тайпаби рице.

100.Таслим сунда абулеб? Аллагьасда тIамун тей сунда абулеб?

101. Къиямасеб къоялъ Аллагьасул хIукмуялда разилъулел лагъзадерил хIакъалъулъ щиб абизе бугеб?

102. Аллагьасул хIукмуялда разилъиялда хурхун Аллагьас Муса аварагасде (гI.с) щиб абураб?

103. Шазалияс гьабураб васият бице Аллагьас тIаса бищараб лъикIаб букIиналда хурхун.

104. ГIали асхIабасул вас ХIусеница Абу Заррил хIакъалъулъ абурабги, жинцаго абурабги бице.

105. ГIумар асхIабас Абу Муса АшгIариясухъе кагътида щиб хъван букIараб къадаралда хурхун.

106. Ибну Машишица Аллагьас тIаса бищиялда хурхун щиб абураб?

107.Аллагьасул хIукму –къадаралда разилъи ва разилъунгутIиялда хурхун гIалимзабаз щиб абураб?

108.Нафсалъул тадбир гьабиялда хурхун Ибну ГIатIаиллагьица ва Сагълу Тустурияс абураб бице.

109. ТIаде бачIараб хIалалде лагъас инкар ккваялъул щиб бицун бугеб. Имам ШагIранияс гьелъул хIакъалъулъ щиб абураб?

110. Исламалъул камиллъи сундулъ бугеб?

111.ГIалиюл Хавасица ШагIраниясда рес гьечIел чагIи бечед гьариялда хурхун щиб абураб?

112.ТIадчIун Аллагьасда щибниги жо гьариялда гIалимзабаз щиб абулеб бугеб.

(Хадусеб - 6 гъумералда).

# «ЛъикIал тIабигIатазул ах» абураб тIехьалда тIаса тIобитIизесеб конкурсалъе суалал

**(Байбихьи- 5 гъумералда)**

113.Балагьазда жанир нигIматалги рукIине рес буго, нигIматазулъ балагьалги рачIине рес буго. БичIчIизабе гьеб кин букIунеб.

114.Аллагьас нилъее гIибидатги гIелмуги тIад гьабиялъул хIикмат.

115.Лагъ мунагьалде ккеялъулъги пайда ва хIикмат букIунищ? Баян гьабе.

116.Имам ШагIраниясе макьилъ гьатифалъ щиб насихIат гьабураб?

117.«ХIакълъунго, лагъасул хIакъикъат нуцIил кIалтIа тарав чиясда релълъун буго…» лъугIизе гьабе.

118.Аллагь лъаялдалъун камиллъарав чи щибаб жоялъул аслуялде кин валагьулев? Баян гьабе.

119.Устарас Шазалиясда макьилъ малъараб ункъго жо.

120. Аллагьасдаса разияв чиясе Аллагь разилъи буго. Гьалъул бице.

**3 бетIер. Ничалъул хIакъикъат.**

121.Нилъер мацIалда нич сунда абулеб? ТIарикъаталъул агьлуялда аскIоб сунда абулеб?

122.Джунайдуль Багъдадияс ничалъе къураб баян.

123. Ничалъул киналго тайпаби рице.

124.Аварагасул (с.гI.в) адаб гьабиялда хурхун рещтIараб аят бице. Гьелъие баянги кье.

125.Аварагас (с.гI.в) ничалъул хIакъикъат кин баян гьабураб?

126.Къосеналъул щуго гIаламат бице.

127.Юсуф аварагасул (гI.с) ничалъул бице.

128.Цере рукIарал лъикIал чагIазул нечеялъул мисалал раче.

129.Абу Бакр Варракъица ничалъул хIакъалъулъ абураб бице.

130. Лагъасдаса Аллагь нечеялъул бице ва гьелда хурхун хIадисги бице.

**4 бетIер. ТIабигIат берцинлъи.**

131.ТIабигIат берцинлъи щиб ккоелб?

132.ТIадегIанаб тIабигIат сунда абулеб?

133.Къуръаналда МухIаммад аварагасул (с.гI.в) тIабигIаталъул щиб бицун бугеб?

134. Цогидазулгун гьалмагълъи–гьоркьоблъи гьабиялдалъун тIабигIатал хисулеблъи бицунел хIадисал рехсе ва гьелъул бице.

135. МухIаммад аварагасулъ (с.гI.в) киналго данделъун ругел цере рукIарал аварагзабазул тIабигIатал рице.

136.ГIаишатида Аварагасул (с.гI.в) тIабигIаталдасан гьикъидал гьелъ щиб абураб?

137.ГIаишатида Аварагасул (с.гI.в) тIабигIаталдасан гьикъидал кинал аятал гьелъ рачарал?

138.ХIусен Нурияс Аварагасул (с.гI.в) тIабигIаталъул хIакъалъулъ абураб жо.

139. Аллагьасулгун гьабулеб гьоркьоблъиялъул бищунго лъикIаб тIабигIат щиб?

140.ГIадамазулгун гьоркьоблъи гьабиялъул бищунго лъикIаб тIабигIат щиб?

141.Берцинал тIабигIатазул хIакъикъат.

142.Авараг (с.гI.в) макьилъ вихьизе бокьарав чияс щиб гьабизе ккоелб?

143. Бищун хирияв муъминчи щив кколев?

144. Шагь Карманияс тIабигIат берцинлъиялда хурхун щиб абураб?

145.Вагьбица абуна: «КIикъого къоялъ лагъас берцинаб тIабигIат ккуни…» лъугIизе гьабе.

146. ХIасанул Басрияс абуна: «РетIел бацIцIад гьабе» (суратул Муддассир, аят 4) абураб ТIадегIанав Аллагьасул рагIиялъул магIна ккола…» лъугIизе гьабе.

147. Берцинал тIабигIатазул хIакъакъалъулъ гьикъидал Абу ХIафсица щиб абураб?

148. ГIасимил вас Къайс Накърийи абулев чиясул къиса бице Къайсил АхIнафица жиб бицараб берцинаб тIабигIаб лъидасан босарабин гьесда гьикъидал.

149. ГIали асхIабасул берцинаб тIабигIат бихьизе гьабулеб гьесие хъулухъалъе вугев лагъасулгун ккараб къиса бице.

150. МагIруфул Курхи Дажлат гIурул рагIалде какичуризе рещтIиндал ккараб бице.

I5I. Адгьамил Ибрагьимилги аскариясулги (рагъухъан) цо авлахъалда данде чIвайдал ккараб къиса бице.

152. Абу ГIусманил ХIайрию гьоболлъухъ ахIиялъул къиса бице.

153.ГIабдуллагьил ХайатIилги гьес жиндие ретIел букъулев вукIарав мажусиясулги ккараб къиса бице.

**5 бетIер. Дунял тей (зугьд).**

154. Зугьдалъул магIна бице.

155. Зугьдалъул хIакъикъаталде щвезе ккани чиясе къваригIунел тIабигIатал рице.

156. Щиб бугеб тIолалго хатIабазул бетIерлъун ва кинабниги питнаялъе сабаблъун?

157. ГIали асхIабас хабал агьлуялде вуссун гьезде гьикъидал, гьез щиб жаваб гьабураб?

158.Фузайл бину ГIиязица дунялалъул хIакъалъулъ щиб абураб?

159. Дунял бокьиялъул бералдалъун гьелъухъ валагьарав чиясе щиб ккоелб?

I60. Абул ХIусайн ХIавариясда зугьдалъул (дунял рехун теялъул) хIакъалъулъ гьикъидал, гьес щиб жаваб къураб?

161. Бугелда разилъи щиб ккоелб? Баян кье.

162. ТIадегIанав Аллагьас цо чи валилъун гьавизе бокьараб мехалъ щиб гьесда гьабулеб?

I63. Аллагьас Муса аварагасда (гI.с) пакъирлъи тIаде бачIиндалги бечелъи тIаде бачIиндалги абизе кинал рагIаби малъарал?

164.Цере арал лъикIал чагIаз ахIмакъавлъун кинав чи рикIкIунев вукIарав?

165. ТIадегIанав Аллагьасда аскIоб дунялалъул багьа щиб?

166. Имам ШагIранияс дунялалъул хIакъирлъиялда хурхун абурал рагIаби.

167. ТIадегIанав Аллагьас ризкъи-нафакъаялъул хIакъалъулъ Къуръаналда щиб абураб?

168. Лъида релълъун вугев ахираталъул ишазде мугъги бан, дунялалде вуссарав чи?

169. Абу Язидил БастIамияс зугьдалъул хIакъалъулъ щиб абураб?

170. Чиясда кодоб дунялалъул щибниги боцIи гьечIони, гьесда зугьд бугев чийилан абулищ?

171. Абул ХIасан ГIали Музайница дунялалъул хIакъалъулъ щиб абураб?

172. Давудил ТIаияс Абу РабигIил ВаситIиясе гьабураб васият.

173. Фитна ккеялъе сабаблъун ругел ШагIранияс рехсараб ункъго жо бице.

174. Руччаби рокьиялъе бугеб нух.

175. Сиддикъуназул рекIелъа ахиралда гурони нахъе унареб какараб сипат щиб?

176. Аллагь лъалев чияс сунде сверизабулеб дунялалъул боцIи бокьи?

177. Кин Аллагьас лагъзадерил хIалбихьи гьабулеб лъимал рокьиялдалъун? Гьелъул хIакъалъулъ Аварагас (с.гI.в) щиб абураб?

178.Кинал аятал–хIадисаздалъун муъминзабаз нафсазул хIалбихьи гьабизе ккоелб?

179. ХIакъикъияв муъминчи вукIин сундалъун лъазе кIолев?

180. БетIергьанас рехун теян амру гьабураб дунялалъун щиб жо ккоелб?

181. МухIаммад аварагасул (с.гI.в) зугьдалъул бице.

182. Муъминчиясул иман кида камиллъулеб? ХIадис бице.

183. Аварагас абуна (с.гI.в): «Адамил лъимадул кIиго меседил цIураб кIкIал букIарабани…» лъугIизе гьабе.

I84. Щиб жо тезе ккоелб Аллагьасеги гIадамазеги вокьизе ккани?

185. ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда зугьдалъе чIезабун бугеб гIаммаб къагIида бице.

186.Дунял теялъул пихъал рице.

**6 бетIер. Сидкъу – битIараб бицин.**

187. Сидкъуялъул магIна щиб. Сиддикъ лъида абулеб?

188. Джунайдул Багъдадияс сидкъуялъул хIакъалъулъ абурал рагIаби рице.

189. БитIараб бициналъул хIакъалъулъ Аварагас (с.гI.в) бицараб кIиго хIадис бице.

190. Лукъманул ХIаким ТIадегIанаб даражаялде сунца вахине гьавурав?

191. ГIалимзабаз сидкъуялда хурхун хвасарлъи сундулъ бугин бицараб? Баян кье.

192. Гьереси бициналда хурхун Аварагас( с.гI.в) бицараб кIиго хIадис.

193. Гьереси бицине бегьулел бакIал рице.

194. МухIаммад бину Гьаравияс бицараб балагьазул бищунго кIудиял пишаби щал кколел?

195.Шакъикъул Балхияс ритIухълъиялда хурхун абурал рагIаби.

196. РитIухълъиялъул хIакъалъулъ аят (суратул ДжумугIат аят 6) бице. Баянги гьабе.

197. Зуннунил Мисрияс сидкъуялъул хIакъалъулъ абурал рагIаби.

198. Гьереси бицунев чиясул гIаламат.

199. Сурату Тавбу аят 119 бице баянгун цадахъ.

200. Сидкъуялъул бищунго камилаб тайпа.

**7 бетIер. Сабру ва нафсалъе гIоло бергьенлъи тIалаб гьаби тей.**

201. Сабруялъул хIакъикъат.

202. Зуннунил Мисрияс сабруялъул хIакъалъулъ щиб абураб?

203. Сабруялъул гIаламатал.

204. Сабруялъул хIакъалъулъ аятал.

205. Сабруялъул хIакъалъулъ хIадисал.

206. ГIали асхIабас сабруялъул хIакъалъулъ абурал рагIаби.

207. Сабруялъул хIакъалъулъ гIалимзабаз абурал берцинал рагIаби.

208. Сабруялъул тайпаби.

209. Диналъул вацасда хурхун муридасда тIадаб жо. Чиясул жанисеб рахъ хъублъун букIиналъе далил.

210. Нафсалда хурхараб щиб жо гьабураб мехалъ мурид гьалаглъаразда цадахъ кколев?

211. Чияр квешлъи нахъчIвазе гIелмуялъ нилъедасан тIалаб гьабулел къагIидаби ва нухал.

212. Сабру гьабурал гIадамазул хIакъалъулъ кIиябго аят бице.

213. Квешлъи тIаде бачIараб мехалъ, цIодорав ва гIакъилав чиясул гьелдехун кинаб бербалагьи букIунеб?

214. Сабру гьабизе кумек гьабулел анцIго зикру-дугIа.

215.Анасидасан бицараб хIадисалда рекъон Аварагас (с.гI.в) гIемерисеб мехалъ гьабулеб букIараб дугIа.

216. Юнус аварагасул (гI.с) хIакъалъулъ хIадис бице.

217.ТIадегIанав Аллагьас ГIабдулвагьгьаб ШагIраниясе кьун букIараб нигIмат.

218. ГIадамаз квешлъи ва зарал гьабураб мехалъ, гьездехун хIалхисунгутIи кида букIунеб чиясулъ? Баян гьабе.

219. ГIалимчиясул яги лъикIав чиясул бищунго къабихIаб пишалъун ккоелб жо.

220. ГIалиюл Хавасица абуна: «Дуе цо чияс зарал гьабураб мехалъ, …» лъугIизе гьабе.

22I. Жинде балагьги рещтIинчIого, зулму гьабизе тIаде чиги тIамичIого вукIине бокьарав чияс щиб гьабилеб?

222. Къиямасеб къо чIезе гIагарлъиялъул гIаламатазул бицараб хIадис.

223. ХIакимзабазда хурхараб хIадис.

224. Аллагьасе гIадамазул бищун вокьулев чиясул бицараб хIадис.

225. Аварагас (с.гI.в) абуна: «Къиямасеб къо чIоларо…» гьаб хIадис лъугIизе гьабе.

226. Мунафикъасул гIаламатал.

227.Муридасул бищун тIадегIанаб тIабигIат.

228.Шибли абулев кIудияв валиясул къиса.

**8 бетIер. ХIинкъиги хьулги.**

229.ХIинкъи щиб ккоелб? ХIинкъиялдаги хьулалдаги гьоркьов вукIин. Хьул щиб ккоелб?

230.Аллагьасукьа хIинкъиялъул бицараб хIадис.

231.Джабраил ва Микаил малаикзаби щиб жоялъ гIодизе гьарурал?

232. РакIал хIинкъун рукIунел гIадамазул хIакъалъулъ аят бице. Баянги гьабе.

233. Имам ШагIранияс абуна: «Нижедаса къотIаби росун руго, балагь бачIараб мехалъ, …» лъугIизегIан бице ва баян гьабе.

**9 бетIер. ГурхIел-рахIму.**

234. Инжилалда гурхIелалъул хIакъалъулъ щиб хъван бугеб?

235.ГурхIелалъул бицараб хIадис.

236.ШагIранияс мунагьал гьарулезе насихIат гьабиялъул хIакъалъулъ щиб абураб?

237.Диналъул вац вокьун гьесул гьурмаде балагьиялъул бицараб хIадис.

238.Давуд аварагасдасан (гI.с) рицарал Аллагьасул рагIаби.

239. Цо чIужугIадан ва гьелъул васасул хIакъалъулъ хIадис.

240. АсхIабзабазе сипат гьабун Къуръаналда ругел аятал рице.

241.Муъминчиясул гIадамалгун жува-гъуваялъул ва кIиго муъминчи дандчIвайдал гьезул мисалалъул бицараб хIадисал раче.

242. Цоцазе рокьиялъул бицараб МугIазидасан бицун бачIараб хIадис бице.

243.Муъминзабазул цо черхалда ва минаялда релълъиналъул мисалал рачарал хIадисал рице.

**10 бетIер. Гъират.**

244.Щиб жо ккоелб гъират?

245.Шиблияс гъираталда хурхун абурал рагIаби.

246. Гъираталъул тайпаби.

247. Гъираталъул хIакъалъулъ лъабго хIадис бице.

248. Гъираталъул хIакъалъулъ кIиго аят бице.

249. Аллагьас Адам аварагасдехун (гI.с) ва Ибрагьим аварагасдехун (гI.с) гьабураб гъираталъул бице.

250.Бищунго гъират бугев щив?

251.Абу ГIали Дакъакъица бицараб къиса.

**11 бетIер. Цогияв цеве гьави ва сахаватлъи.**

252. Щиб жо ккоелб сахаватлъи?

253. Сахаватлъиялъул хIакъалъулъ аят ва гьелъул баян.

254.Ансаразул сахаватлъиялъул бицараб хIадис. ХIузайфатуль ГIадавияс бицараб къиса.

255.Абу ТIалхIат Ансарияс гьабураб гьоболлъи.

256.Ханас ва вазирас гIалимзабазулги муридзабазулги хIал бихьи.

257.Абу Язид БастIами ва Балхадаса цо гIолохъанчи.

Сахаватлъиялъул хиралъи.

258. Сахаватав ва бахилав чиясул хIакъалъулъ хIадис.

259.ГIали АсхIаб сунца гIодизе гьавурав?

260. Сахаватлъиялъул хIакъалъулъ абурал берцинал рагIаби (киналго).

Цогидал цере гьариялъулги сахаватлъиялъулги хIакъалъулъ къисаби.

261.Гъуламу Халил абурав чияс суфизабазда бугьтан лъей.

262. ГIали бин Фузайл. Абуль ХIасан Бушанджи.

263. Къайс бину СагIд бину ГIубадатил къиса.

264.ГIабдуллагь бину ДжагI-

**(Ахир- 7 гъумералда).**

# «ЛъикIал тIабигIатазул ах» абураб тIехьалда тIаса тIобитIизесеб конкурсалъе суалал

**(Байбихьи- 5-6 гьурмазда)**

фарил сахаватлъи.

265. МутIариф бину Шиххир. ГIали асхIабасул вас ХIасан. Имам ШафигIи.

266. Сарию Сакъати. Бишр бину ХIарис.

**12 бетIер. БахIарчилъи ва мурурват (чилъи).**

267. БихIинчилъиялъулги мурувааталъулги хIакъикъат.

268.БихIинчилъиялъулги муруваталъулги хIакъалъулъ гIалимзабаз абурал рагIаби.

БахIарчилъи ва мурурват тIарикъаталъул шартIаздасан буго.

269.ТIарикъаталъул шартIлъун ругел жал ва гьелъие мисал.

270.Нухалъе къезе кколеб хIакъалъул бицараб хIадис.

271. «Агълуль Кагьфи» (нохъода хутIарал гIадамал) рещцун рещтIараб аят ва гьелъие баян.

БихIинчилъиялъулги мурруваталъулги хIакъалъулъ абурал берцинал рагIаби.

272.Бихьинчилъиялъул бицараб аятги хIадисги баянгун цадахъ.

273.ГIалимзабаз бихIинчилъиялъулги мурруваталъулги хIакъалъулъ абурал рагIаби.

274.БихIинчилъиялъул ва гIаданлъиялъул хIакъалъулъ къисаби.

**13 бетIер. Узденлъи.**

275.ХIакъикъияб узденлъи щиб кколеб?

276.ХIакъикъияб узденлъи гIубудият (лагълъи) камиллъиялъулъ буго. Баян кье.

277. ЯхIья бину МугIазица узденлъиялъул хIакъалъулъ абурал рагIаби.

278. Давуд аварагасде (гI.с) бачIараб вахIью. Къавмалъул цевехъан щив кколев хIадис бице.

279. Эркенлъиялъул хIакъалъулъ абурал берцинал рагIаби (киналго).

**14 бетIер. МахIаббат (Илагьияб рокьи).**

280. Рокьиялъул хIакъикъат.

281.Аллагьасдехун хIакъикъияб рокьи ва гьелъул гIаламат.

282.Аллагьасе лагъ вокьиялъул гIаламат.

283.Аллагьасул Ирадаталда рахIматин кида абулеб, рокьиян кида абулеб?

284. Аллагь вокьулел чагIазул тайпаби. Аллагь вокьиялъул бицараб хIадис.

285.Муджагьидица рокьиялда хурхараб аяталъе къураб баян. ГIарифуназул цояс Аллагьасдасан бицараб ХIадисуль Къудси.

286.ГIалимзабаз рокьиялъул хIакъалъулъ абурал рагIаби.

**15 бетIер. Ихлас.**

287.Ихлас ва рияъ.

288.Ихласалъулъ ругел даражаби.

Рияъалъе дару гьаби.

289.Рияъалдаса тIубанго вацIцIалъизе бокьарав чи хIажалъулеб жо.

290. Рияъалъе дару гьаби.

291.Ихлас хал гьабун Аллагьасе гIибадат гьабулезул тайпаби.

Рияъалъул тIеренал бакIал.

292. Рияъалъул тIеренал бакIал.

293.Ихлас бугев чиясул мисал.

Ихласалъул хIакъалъулъ абурал берцинал рагIаби.

294. Ихласалъул хIакъалъулъ аят ва хIадис.

295.Ихласалъул хIакъалъулъ гIалимзабаз абурал берцинал рагIаби.

**16 бетIер. ГIадамазул хIажат тIубай ва гьезул хIурмат цIуни.**

296. ГIадамазе кумек гьабиялъул кири ва хиралъи.

297.Аллагьас лагъасдаса нигIматал нахъе росиялъе бугеб сабаб ва гьеб тасдикъ гьабулеб хIадис.

ГIадамазул хIажат тIубаялъул хиралъи.

298.ГIадамазул хIажат тIубаялъул хиралъи.

299.ГIадамазул бищун гIодовегIанав ва бищун хирияв.

300.ГIадамазул цоцазде букIараб рокьи-хинлъи нахъе иналъе сабаб, ГIалиюль Хавасица жиб бицараб.

301.Лагъ тархъиялъе кумек гьабиялдасаги гьазаваталдасаги хирияб лъие кумек гьаби кколеб?

302.«Бусурбаби цо черх гIадин руго…» абураб хIадис бице.

**17 бетIер. ВарагI.**

303.ВарагIалъул хIакъикъат.

304.ВарагIалъул кIвар Абуль ХIасанил рагIабаздалъун.

305.ЛъикIлъаби цIунулеб ункъго хъала.

306.Ахираталъул бицараб аят.

307.Адгьамил Ибрагьимица ризкъи тIалаб гьабиялда хурхун абурал рагIаби.

308. ХIакъикъияб варагI цIуни.

309. Кванилъ варагI цIуни.

310. Бакъалда чIун кIал кколев вукIарав чиясул хIакъалъулъ Аварагасул (с.гI.в) хIадис.

311. ВарагIалъул хIакъалъулъ абурал берцинал рагIаби.

312. Чиясул варагI камил гьабулеб анцIго жо.

313. Салафу СвалихIиназул варагIалъул мисалал.

**18 бетIер. ГIадамаздаса рикIкIалъи.**

314. Щиб жо кколеб халват?

315. Щиб жо кколеб гIузлат?

316. Халваталъул бицарал хIадисал.

317. Лагъасе бищун пайда цIикIкIарал жал.

318. Жунайдил Багъдадияс гIадамаздаса рикIкIалъиялъул хIакъалъулъ абурал рагIаби.

**19 бетIер. Аллагьасе хIелиги чIухIи гьечIолъиги.**

319. ТавазугI щиб кколеб?

320. ХушугI щиб кколеб?

321. ХушугIалъул хIакъалъулъ аят.

322.Берцинал тIабигIатазул бицарал хIадисал.

323.Аварагасул (с.гI.в) ва салафу СвалихIуназул тавазугIалъул мисалал.

324. МухIидинуль ГIарабиясулги ва ралъдал рухIчIагольиялъулги ккараб къиса.

325. Даджалил фитна сундулъ бугеб?

326.ЧIухIиялъулги, нафсалъулги, гьаваялъулги зарал.

327.ЧIухIиялъул бицараб хIадис.

328. Мунагьаздеги ва гьел мунагьал гьарулездеги муридасул букIине кколеб бербалагьи.

329. Цоцаздаса хиралъи сундулъ бугеб (ШагIраниясул ва гьесул устарасул гара-чIвари).

330. Хириял чагIазул пишаби.

331. Аллагьасул гIалимзабазулги ва тIадчагIазул гIалимзабазулги хIакъалъулъ хIадис.

332.Жиндие гIадамал мукIурлъизе бокьиялъул хIадис.

333.ГIабдулкъадир Геланияс Аллагь лъаялъул хIакъалъулъ абурал рагIаби.

**20 бетIер. НасихIат.**

334. «Дин – насихIат буго…» хIадис бице.

335. НасихIат гьабулев чияс гьабизе кколел адабал.

336. Бищунго тIадаб насихIат жиндирго нафсалъе гьабулеб насихIат. Гьелъул бице.

337.Лъалареб жоялда хадув лъугьине бегьунгутIиялъул бицараб аят.

**21 бетIер. Квер бачин.**

338. Квер бачин ва гьелъул хIакъалъулъ хIадис.

**22 бетIер. Эбел – инсуе лъикIлъи гьабе.**

339.Эбел – инсуе лъикIлъи гьабиялъул рицарал хIадисал.

340. Эбел- инсул хIакъалъулъ аят.

341. Пашманлъи.

342.Ракъи. Аварагасулги (с.гI.в) ФатIиматилги къиса.

343. Ракъиялъул хIакъалъулъ къисаби.

**25 бетIер. Истикъамат (ВитIун чIей).**

344.Щиб жо кколеб Истикъамат?

345.ГIадамазда гьорлъ истикъаматалда чIеялъул аятал.

346. Истикъаматалъул (витIун чIеялъул) хIакъалъулъ хIадис.

347.Аварагасда (с.гI.в) хъахIаб рас сунца баккизабураб?

**26 бетIер. ХIал рекъезаби.**

348. ХIал рекъезаби щиб кколеб? ГIумар асхIабасул рагIаби.

349. ГурхIел-рахIмуялъул рицарал аятал.

350.Аварагасул (с.гI.в) хиралъи-тIокIлъиялъул бице.

**27 бетIер. ГIадлу.**

351. ГIадлу щиб кколеб?

352.ГIадлуялъул бицараб хIадис.

353. ФиргIавн щиб сабаблъун гьалаг гьавурав?

**28 бетIер. Аллагьасе гIоло рокьиги Аллагьасе гIоло ццим бахъинги.**

354.ГIадамазе вокьиялъул бицараб хIадис.

355.Аллагьасе гIоло ццим бахъин кин гьабилеб?

356.Ражиялъул хIакъалъулъ хIадис.

357. Кин батIа бахъулеб Аллагьасе гIологи нафсалъе гIологи бугеб тушманлъи.

**30 бетIер.**

358. КIалъачIого вуцIцIунчIеялъул бицараб хIадис.

**31 бетIер. МашгьурлъичIого вукIин.**

359. «Машгьурлъи кIудияб балагь буго…» лъугIизе гьабе.

360. Машгьурлъиялъул хIакъалъулъ Бишрица абурал рагIаби.

361. Шайихас мутагIиласе гьабураб насихIат.

**32 бетIер. Диналъул вацазухъе зиярат гьаби.**

362. КIиго диналъул вацасул ккараб къиса. Кинасул зиярат хирияб батараб.

363. Зиярат гьабиялда хурхун Аварагасул (с.гI.в) хIадис.

364.ШагIраниияс жирдирго шайих ГIалиюл Хавасида гьикъана:

«Дун гьаб заманаялъ диналъул вацазухъе зиярат гьабун инищ…» гьаб къиса лъугIизе гьабе.

**33 бетIер. Щукру.**

365. Щукруялъул хIакъикъат.

366. Джунайдица щукруялъул хIакъалъулъ абурал рагIаби.

367. «Щукру буго дие гьаб Аллагьас къунилан…» лъугIизе гьабе.

368. Щай щукру жибго босаниги нигIматлъун кколеб?

369. ЛъикIал чагIазул цояс абун буго: «Я дир Аллагь, Дуе щукру гьабизе…» гьал рагIаби лъугIизегIан рице. Ва Аллагьас гьесие гьабураб жаваб бице.

370.ТIадегIанав Аллагьасул жаваб бице Муса аварагас (гI.с) Адам аварагасул (гI.с) щукруялъул цIехараб мехалъ.

371. Щиб къотIи босун бугеб лъикIал чагIаздасан щукру гьабиялда хурхун?

372. Кинаб къагIидаялъ ихтияр къун бугеб лъикIал чагIазе рещцарал тIабигIатал загьир гьаризе?

373.Имам Гьазалияс щиб баян гьабун бугеб рещцалъул букIунеб заралалъул.

374.ГIадамал рещцулел чагIазул хIакъалъулъ Аварагас (с.гI.в) бицараб хIадис.

375. Щукруялъул бищун гIодобегIанаб даража щиб?

376. МацIалъ гьабулеб щукруялъул бищунго тIадегIанаб даража щиб?

377.«Аль-фатихIат» сурат (АлхIам) щукруялъе цIалулеб мехалъ ният кин гьабилеб?

378.Аварагасул (с.гI.в) хIадисалда бугеб кинабго жаниб бачунеб Аллагьасе рещц гьабиялъул къагIида бице.

379. Аллагьас Адам аварагасда (гI.с) малъараб рецц гьабулеб къагIида бице.

380. Шакирасдаги шакурасдаги гьоркьоб батIалъи щиб?

381. Черхалъул лага хал гьабун щукруялъул тайпаби рице.

382. Щукруялъе кинабго жаниб бачунеб баян кье?

383. Кинабго нигIматалъе щукрулъун кколеб рагIи бице.

384. Лъеберго соналъ Сарию СакъатIияс тавбу сундаса гьабулеб букIараб?

385. ГIали асхIабасул вас ХIасаница КагIба рукъалъул бокIоналдаги чIун Аллагьасдеги вуссун щиб абураб?

**34 бетIер. ЛъикIалдалъун амруги квешалдаса нагьюги гьаби.**

386. Ибну ГIаббасидасан амру нагью гьабиялъул хIакъалъулъ бицараб хIадис бице.

387. Аварагас (с.гI.в) абуна: «Къиямасеб къоялъ, хабалъа рахъинарун, дир умматалъул цо - цо гIадамал…» хIадис лъугIизабе.

388. Аварагас (с.гI.в) амру нагью гьабиялда хурхун Абу Гьурайратие гьабураб насихIат.

389. Абу СагIид Хадимияс абуралда рекъон шаргIалда мудагьанат (тIадрекъон чIей) щиб жо кколеб?

390. ЛъикIалда тIовитIулев чи лъида релъун вугев хIадисалда рекъон?

391.Абу Гьурайратидасан бачIараб хIадис бице анцIил бутIа жиндилъ рехсараб?

392. ШаргIалда рекъолареб жо хисизабулел чагIазул тайпаби ва гьезул къагIидаби.

393.Иблисалъ зикруялдаса машгъул гьарурал гIолохъабазул къиса бице.

**35 бетIер. Аллагьасукьа хIинкъи.**

394. Щиб жо кколеб Аллагьасукьа хIинкъи? Гьелъул загьирги батIинги щиб кколеб?

395. Бищунго гIемер гIадамал алжаналде лъугьинарулеб ва бищунго гIемер жужахIалде лъугьинарулебги абун Аварагасда (с.гI.в) гьикъараб мехалъ Гьес (с.гI.в) къурал жавабал рице?

**36 бетIер. Таваккал тIами.**

396.Таваккал баян гьабун гIалимзабаз абурал рагIаби рице.

397. Таваккал тIамулев чиясул гIаламатал, гьездалъун жив ватIа вахъизе лъалев.

398. Бишрул ХIафияс таваккалалъул хIакъалъулъ абуна: «Цо – цояз гьереси бицуна…» лъугIизе гьабе.

399.Маликил Анасидасан таваккалалъул хIакъалъулъ бачIараб хIадис бице.

400. Щай таваккал гьечIони иманги букIунареб?

401.Жинца таваккал бачIинабулеб дару щиб?

402.Таваккалалъул хIакъалъулъ абурал меседил рагIаби рице (1-5).

403. Таваккалалъул хIакъалъулъ абурал меседил рагIаби рице (6-9).

404.Таваккалалъул хIакъалъулъ абурал меседил рагIаби рице (10-16).

405.Таваккалалъул хIакъалъулъ абурал меседил рагIаби рице (I7-2I).

406. Сундул къучIлъун кколеб дуниял тейги Аллагьасде таваккал тIамиги?

407. Я кваназе, я рекIине жо гьечIого санайил хIежалде унел муридзабазул хIакъалъулъ ШагIраниияс цIехараб мехалъ гьесул устарас щиб жаваб гьабураб?

408. Лагъасе щолеб ризкъиялъул кIиго тайпа буго. Гьел рехсе.

**37 бетIер. ТIадегIанав Аллагьасдехун лъикIаб пикру букIине ккей.**

409.ТIадегIанав Аллагьас ХIадисуль Къудсиялда абун буго: «Дир лагъасда ракIалде…» лъугIизе гьабе.

4I0. «Дуда ракIалде ккани, мун Аллагьас гIадада хвезавиларин…» лъугIизе гьабе.

**38 бетIер. Хъизаналъул заралалда сабру гьабе.**

411. АхIмад РафагIиясул къиса бице.

412. ЛъикIал чагIазул цояе хъизан йиччазе бокьараб мехалъ, ва гьелъул гьесда цIехедал, гьес щиб жаваб гьабураб?

413. АхIмад-хIажи Афандиясул васият бице руччабазда хурхун нилъее гьабураб?

414. Гьаб тIехьалъул автор щив?

«Редакция газеты «Щумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор ГI. МАЛАЧДИБИРОВ

Жавабияй секретарь Х.ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакцияялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Щумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «Щумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакцияялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакцияялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизару-рал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -1780 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электронniяб адрес: Golostsumady@mail.ru

## Баркула ХIайдарханида юбилей



Вокьулев росасда, хирияв инсуда ва кIудичида, хIасратав вацасда гIагарлъиялъул чIухIиялда-ХIайдархан Дибировасда ракI-ракIалъ баркулеб буго юбилей. Сон гьесул гIумрудул т1убана 70 сон.

ХIайдархан гIадав чиясе гьеб ккола гIумрудул завалаб гIуж. Гьелъие нугIлъи гьабула жакъаги гьев районалъул мугIалимзабазул мухъилъ вукIиналъ.

Бокьун буго гьаризе гьесие щулияб сахлъи, талихIаб гIумру, хIалтIульги гIумрудульги лъикIал хIасилал.

Баркиялъул ахиралдаги ракI-ракIалъ абила: «Нусго сонилаб юбилей дандчIвазе хъван батаги дуе, лъикIав Инсан» ва гьал рагIабаздалъун лъугIизабила:

**Гьаб юбилей кьоялъ, нижер хирияв**
**РакI-ракIалъ гьарила, ХIайдархан, дуе**
**Салтанатгун цадахъ талихIаб гIумру**
**ГIасрудулаб гIорхьи жинца бахараб.**

**Баркигун хъизан- лъимал ва гьудул-гьалмагъзаби**

## Вниманию руководителей предприятий и организаций

Напоминаем о необходимости представления годовой бухгалтерской отчетности за 2015 год в органы государственной статистики.

**Годовая бухгалтерская отчетность** представляется в **обязательном** порядке в органы государственной статистики организациями - юридическими лицами (кроме банков, страховых и бюджетных учреждений) в соответствии со ст. 18 Федерального закона Российской Федерации от 6 декабря 2011 года № 402 - ФЗ «О бухгалтерском учете».

**Организации, применяющие упрощенную систему налогообложения,** также **обязаны** вести бухгалтерский учет и предоставлять экземпляр годовой бухгалтерскую отчетности в органы государственной статистики.

Срок представления **1 апреля 2016 г.**

Непредставление бухгалтерской отчетности, а равно представление в неполном объеме или в искаженном виде, влечет наложение административного штрафа на юридических лиц.

По предприятиям и организациям, не представившим бухгалтерский баланс **после 10 мая** 2016 года - будут подготовлены материалы для **административного наказания и передачи их в суд.**

Представление бухгалтерской отчетности возможно и **в электронном виде.** Формат электронного документа (xml) идентичен для налоговых органов и органов госстатистики.

**М.Малачдибиров,** главный специалист- эксперт отдела статистики по району

Метрада росдал гьоркьохъеб школалъ 1991 соналъ ГъазимухIамадов ГъазимухIамад Мусаевичасул цIаралда кьураб А№381797 атесттат билун буго. Гьеб жакъа кьоялдаса нахъе хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

Районалъул рохьил магIишаталъул хIалтIухъабазул коллективалъ гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго КIванадаса

**ГIумаров ГьитIинмухIамад**

къадаралде щвеялда бан гьесул хъизан-лъималазда ва гIагарлъиялда.

Аллагьас рухI иманалда бахьун батаги, ахираталъул лъикIлъабаздалъун вохизавеги.

**Къокъал харбал**

## Футбол хIана

3 маялда Гъажари тIобитIана ФСКНалъул майор Халидов Шапи ракIалде щвезавиялъул футбол хIаялъул турнир. Гьениб гIахьаллъараб анц1го командаялда гьоркьоса тIоцебесеб бакI щвана Агъвали росдал командаялъе, кIиабилеб бакIалъе мустахIикъльана ТIадгъаквари команда ва лъабабилеб бакIалда г1ей гьабуна КIочIали росдал командаялъ. Бергьаразе ва призеразе кьуна кубокал, дандекколел даражабазул дипломал ва гIарцулал сайгъатал.

**М.Къасумов**

## ХIисабалъул олимпиада

28 апрелалда Агъвали гьоркьохъеб школалда тIобитIараб анлъабилеб классазул цIалдохъабазда гьоркьоб хIисабалъул олимпиада гIахьаллъана Болъихъ, Гумбет, ГIахьвахъ ва нилъер районалъул цIалдохъаби.

ТIоцебесеб бакI щвана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан ХIажиев МухIамадие, кIиабилеб бакI щвана Агъвали гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан ГIабдулаев ГIумарие ва ТIадгъаквари школалъул цIалдохъан ГIабдулмуслимов ГIабдулае, лъабабилеб бакI-МелъелтIа школалъул цIалдохъаби ХIайбулаев МухIамадиегун ГьитIинов МухIамадие ва Мест1ерухъ гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Рашидова Пирдавусие.

Олимпиадаялда бергьаразе ва призеразе кьуна данде колел даражабазул дипломал ва гIарцулал сайгъатал.

Гьелъие спонсорлъи гьабуна Жах1паров Мух1амадрасулица.

**П. Муртазалиева**

### Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Тиндинский» за 2015 год

(тыс. рублей)

| № п/п | Наименование доходов | сумма 2015 | Исп | % |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | | | |
| | Доходы: | | | |
| | МНС №12 ФСН по РД | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 87,2 | 58,5 | 67,0 |
| 2 | Земельный налог | 420,0 | 420,0 | 100,0 |
| 3 | Налог на имущества | 81,0 | 81,2 | 100,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 5,0 | | 0,0 |
| | Неналоговые доходы | | | |
| | Администрация сельского поселения | 593,2 | 559,7 | |
| | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 3750,0 | 3362,0 | 90,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 40,0 | 23,5 | 59,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 121,0 | 121,0 | 100,0 |
| 4 | Невыясн.поступл.бюдж.АСП | | | |
| 5 | прочие налоговые доходы | | | |
| | ИТОГО: | 3911,0 | 3506,5 | |
| | ВСЕГО: | 4504,2 | 4066,2 | |

### Показатели к бюджету администрации сельского поселения «сельсовет Тиндинский» на 2016 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2016 |
|---|---|---|
| | 2 | 3 |
| | Собственные доходы: | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 67,0 |
| 2 | Земельный налог | 200,0 |
| 3 | Налог на имущества | 70,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 5,0 |
| 5 | НЕНАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ | 70,0 |
| | Итого собственные доходы | 412,0 |
| | Трансферты | |
| 1 | Объем дотаций | 3720,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 16,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 132,0 |
| | Итого | 3868,0 |
| | Всего доходов | 4280,0 |
| | | |
| | Расходы: | |
| 1 | Аппарат | 1458,0 |
| | в т.ч. зарплата | 950,0 |
| 2 | Проведение выборов | |
| 3 | Резервный фонд | 50,0 |
| 4 | ЗАГС | 16,0 |
| 5 | ВУС | 132,0 |
| | в т.ч. зарплата | 74,5 |
| 6 | ЖКХ | 1427,0 |
| 7 | Молодёжная политика | 20,0 |
| 8 | Культура | 1147,0 |
| | в т.ч. зарплата | 812,0 |
| 9 | ФК и спорт | 30,0 |
| | Всего расходов | 4280,0 |
| | в т.ч. зарплата | 1836,5 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Тиндинский» С. Магомедов**

### Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Гакко» за 2015 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2015 год (сумма) Уточи, назнач. | Исполение | % исполн. |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 4 | 5 | 6 |
| | Собственные доходы: | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 9,5 | 10,1 | 106,3 |
| 2 | Земельный налог | 182,2 | 170,0 | 93,3 |
| 3 | Налог на имущества | 11,0 | 11,0 | 100,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,0 | 1,0 | 100,0 |
| | Итого собственные доходы | 203,7 | 192,1 | 94,3 |
| | Трансферты | | | |
| 1 | Объем дотаций | 543,6 | 543,6 | 100,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 2,4 | 2,4 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 53,0 | 53,0 | 100,0 |
| 4 | Напр. Суммы по зем. Налогу | | | |
| | Итого | | | |
| | Всего доходов | | | |
| | | | | |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 709,6 | 690,8 | 97,4 |
| | в т.ч. зарплата | 457,6 | 382,4 | 83,6 |
| 2 | Проведение выборов | 25,0 | 25,0 | 100,0 |
| 3 | Резервный фонд | | | |
| 4 | ЗАГС | 2,4 | 2,4 | 100,0 |
| 5 | ВУС | 53,0 | 53,0 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 40,7 | 40,7 | 100,0 |
| 6 | ЖКХ | 10,5 | 10,5 | 100,0 |
| 7 | Молодёжная политика | | | |
| 8 | Культура | | | |
| | в т.ч. зарплата | | | |
| 9 | ФК и спорт | | | |
| | | | | |
| | Всего расходов | | | |
| | в т.ч. зарплата | | | |

### Показатели к бюджету администрации сельского поселения «село Гакко» на 2016 год

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2016 год |
|---|---|---|
| | 1 | 2 |
| | Собственные доходы: | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 11,0 |
| 2 | Земельный налог | 50,0 |
| 3 | Налог на имущества | 10,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 |
| | Прочие неналоговые доходы | 50,0 |
| | Итого собственные доходы | 123,0 |
| | Трансферты | |
| 1 | Объем дотаций | 650,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 1,2 |
| 3 | Субвен. ВУС | 67,0 |
| | Итого | 718,2 |
| | Всего доходов | 841,2 |
| | | |
| | Расходы: | |
| 1 | Аппарат | 738.1 |
| | в т.ч. зарплата | 540.0 |
| 2 | Проведение выборов | |
| 3 | Резервный фонд | |
| 4 | ЗАГС | 1,2 |
| 5 | ВУС | 67,0 |
| г— | в т.ч. зарплата | 49,0 |
| 6 | ЖКХ | 31,9 |
| 7 | Молодёжная политика | |
| 8 | Культура | |
| | в т.ч. зарплата | |
| 9 | ФК и спорт | 3,0 |
| | Всего расходов | 841,2 |
| | в т.ч. зарплата | 589,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Гакко» И.Магомедов**